

ENFEKSYON VIRIS ZIKA AK GWOSÈS

* AVÈTISMAN VWAYAJÈ CDC POU MOUN K AP VWAYAJE NAN ZÒN KOTE VIRIS ZIKA AP SIMAYE

CDC REKÒMANDE TOUT FANM ANSENT AK FANM K AP ESEYE ANSENT POU YO PRAN PLIS PREKOSYON

Tout fanm ki ansent, kèlkeswa nan trimès li ye a, dwe konsidere ranvwaye vwayaj yo gen pou fè nan zòn viris Zika ap simaye. Si yon fanm ansent ta vwayaje nan youn nan zòn sa yo li dwe pale sa ak doktè li avan epi swiv etap pou **evite moustik pike yo** pandan vwayaj la. Fanm ki gen mari ki te vwayaje nan yon zòn kote genyen Zika pa sipoze fè bagay ak mesye a, oswa nou dwe toujou itilize kapòt kòrèkteman epi fè sa chak fwa nou gen yon rapò seksyèl, pandan tout rès gwosès la.

Kijan Zika simaye?

Nan pifò ka, Zika simaye lè yon moustik ki enfekte pike yon moun. Yon lòt fason li kapab simaye se lè yon manman ki ansent bay tibebe ki nan vant li a li pandan li ansent oswa lè li ap akouche. Gen rapò ki montre moun kapab bay li nan sèks tou.

Mwen ansent. Kijan Zika pral afekte mwen menm oswa tibebe ki nan vant mwen an?

Genyen rapò ki déjà montre yon maladi sevè kote timoun nan mal fèt ki rele mikwosefali (timoun nan fèt ak yon ti tèt ak sèvo ki pa fin devlope) paske manman li te gen enfeksyon Zika a pandan li te ansent. Gen plis etid ki pou fèt pi devan pou konprann pi byen egzakteman ki pwoblèm viris Zika kapab bay.

Èske li p ap yon danje pou mwen itilize yon pwodwi kont moustik si mwen ansent?

Gen anpil pwodwi kont moustik fanm ansent ak timoun kapab itilize san danje, men pa blyie gade nan etikèt la pou nenpòt avètisman epi swiv tout enstriksyon yo.

Ale kay doktè ou si ou ansent epi ou te vwayaje, oswa gen plan pou vwayaje nan yon zòn ki gen Zika.